



Pou Piblikasyon Imedya: 13/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO TE BAY PLIS PASE 57 MILYON DOLA NAN FAZ  
XIII INISYATIV KONSÈY DEVELOPMAN EKONOMIK REJYONAL LA**

*Premye lo prim finansman Empire State Development yo genyen ladan yo plis pase 46 milyon dola pou sipòte 47 pwojè ki pare pou demare*

*Plis pase 9.7 dola sibvansyon kapital pou 108 fabrikan bwason atizanal ak 62 òganizasyon san bi likratif*

*Ou ka jwenn lis konplè benefisyè faz XIII yo isit la*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yo te bay plis pase 57 milyon dola pou sipòte 238 pwojè nan Eta New York atravè inisyativ Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal la (Regional Economic Development Council, REDC). Faz XIII a te genyen ladan I sibvansyon fon sibvansyon Empire State Development ak kredi enpo Pwogram Excelsior pou Kreyasyon Djòb la, ke yo te mete disponib sou yon baz kontini epi sou konpetisyon pou sipòte bezwen imeda kominate yo. Plis pase 46 milyon dola finansman ki soti nan pwogram sa yo ap sipòte pwojè ki gen enpak ki ale nan memm sans ak objektif estratejik chak rejon. Faz XIII la genyen ladan I tou de novo mikwo pwogram sibvansyon: Mikwo Pwogram Sibvansyon pou Bwason Atizanal ak Pwogram Sibvansyon Kapital pou Òganizasyon ki pa pou Pwofi ke yo te bay plis pase 9.7 milyon dola pou sipòte 170 fabrikan bwason atizanal ak òganizasyon san bi likratif nan tout eta a.

"Eta New York ap sipòte kominate k ap devlope nou yo lè li envesti nan pwojè ki pare pou demare k ap ankouraje kreyasyon djòb epi ede ranfòse ekonomi lokal yo,"

**Gouvènè Hochul te deklare.** "Seri pwojè sa yo reflete kontribisyon krisyal pati konsène yo nan Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal la ki konnen atou lokal ak endistri yo pi byen, ki ede nou fè envestisman estratejik pou kreye opòtinite nan kominate nou yo, alafwa kounye a ak pou lavni."

Aplikasyon pou fon Sibvansyon Empire State Development (ESD) a rete ouvri, epi y ap revize aplikasyon yo yon baz kontini jiskaske lajan an fini. Aplikan yo ki gen pwojè solid, pare pou demare ki aliyen avèk priyorite developman ekonomik eta ak rejon an kapab aplike atravè [Aplikasyon pou Finansman Konsolide](#).

**Gouvènè Adjwen Antonio Delgado, ki se Prezidan Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal yo, te deklare.** "Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal yo kontinye ap ede konekte envestisman estratejik ak kominote ki an difikilte istorikman yo nan tout Eta New York. Atravè pwoesisis idantifikasiyon sa ak finansman pwojè ki pare pou demare ki ale nan menm sans ak plan ak objektif estratejik REDC yo, finansman an ale kote ki bezwen epi kote l ap gen pi gran enpak la. Lè nou travay deprè ak REDC yo, mwen konnen prim sa yo ap fè yon diferans nan kwasans, anplwa ak opòtinite edikatif pou ampil Nouyòkè."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "Soti nan sipò pou edikasyon STEM ak fabrikasyon rive nan developman mendèv, gadri ak plis toujou, REDC yo ap oryante bezwen ak siksè lavni rejyon yo atravè pwojè k ap genyen enpak ekonomik ki dirab. Nouvo pwogram mikwo sibvansyon yo ap ede tou pou devlope endistri solid bwason atizanal nou an epi sipòte travay enpòtan òganizasyon ki pa pou pwofi yo nan tout Eta New York."

Chak Konsèy Rejyonal te rekòmande premye faz pwojè sibvansyon ESD yo akoz preparasyon ak aliyman pwojè a ak plan estratejik rejyon chak rejyon. Gran pwen yo enkli:

- **Sant Dekouvèt Syans ak Teknoloji (Discovery Center of Science and Technology) - Sant Edikatif STEM MOST (New York Santral) – Sibvansyon ESD 300,000 dola:** Sant Dekouvèt Syans ak Teknoloji a ap konstui espas ki pa itilize kounye a (lakay li nan Syracuse) pou sipòte misyon MOST la. Nouvo espas la ap kreye plis klas pou kan lajounen ak pwogram MOST yo, Bibliyotèk STEM, ak biwo edikasyon yo. **Depans Total Pwojè a: 2.8 milyon dola**
- **National Offshore Wind Training Center, Inc. (Long Island) – Sibvansyon ESD 3 milyon dola:** The National Offshore Wind Training Center, Inc. ap konstui yon sant fòmasyon ewolyèn mondal nan Brentwood, Konte Suffolk pou bay sètifikasyon nan sekirite ak teknik pou tout moun k ap travay nan anviwònman ewolyèn bò kot. Pwojè a ap genyen ladan l opòtinite anvan aprantisaj, bay pwogram ete pou elèv lekòl segondè nan enèji ak domèn dirabilite; pwogram fòmasyon nan fabrikasyon avanse pou jèn/adilt, epi sipòte pakou karyè mendèv ak fòmasyon ak opòtinite sètifikasyon. **Depans Total Pwojè a: 11 milyon dola**
- **The Art Effect of the Hudson Valley, Inc. (Mid-Hudson) – Sibvansyon ESD 2 milyon dola:** Art Effect ap devlope pi plis epi amelyore sit Trolley Barn nan Poughkeepsie, Konte Dutchess, an yon sant edikasyon pou jèn pou rezidan yo pou eksprime talan yo epi favorize edikasyon yo. Pwojè a ap transfòme galri istorik Poughkeepsie Trolley Barn lan an yon kanpis atistik, kilti ak devlopman mendèv atistik ak renovasyon ak konstriksyon siplemantè. **Depans Total Pwojè a: 13 milyon dola**

- **Sant Kominotè Midtown Utica (Mohawk Valley) – Sibvansyon ESD 450,000 dola:** Sant Kominotè Midtown Utica (Midtown Utica Community Center, MUCC) a ap reyabilite zèl dèyè sant kominotè li a, k ap pèmèt pwogramasyon an elaj ak sèvis anplwa, ki sèvi prensipalman refijye, imigran ak jèn ki gen revni ki fèb nan yon katye an difikilte nan Utica. MUCC ap lanse yon nouvo pwogram ak Lekòl Distri Vil Utica pou ede oryante refijye, imigran ki fèk rive yo ak jèn nan kominote a. **Depans Total Pwojè: 1.2 milyon dola**
- **Otorite Pon ak Pòtyè Ogdensburg (Ogdensburg Bridge and Port Authority) – Sant gadri (North Country) – Sibvansyon 954,000 dola ESD:** Otorite Pon ak Pòtyè nan Ogdensburg ap konstui yon nouvo etablisman gadri nan Commerce Park nan Ogdensburg. L ap founi jiska 125 plas gadri nan zòn toupre a, k ap benefisyé timoun, paran, ak biznis yo. **Depans Total Pwojè a: 4.7 milyon dola**
- **Foodirect, Inc. (New York Santral) - Sibvansyon 1 milyon dola ESD, Kredi Enpo Excelsior 1 milyon dola pou kreyasyon travay:** Foodirect ap modènize epi renove sant distribisyon alimantè li a nan Mache Kooperativ Hunts Point la nan Bronx. Renovasyon an ap enkli amelyorasyon efikasite enèji, yon sistèm refrijerasyon modèn ak metòd izolasyon modèn, k ap diminye anprent kabòn operasyon an anpil. Pwojè sa ap kontribye tou nan inisyativ devlopman jeneral k ap fèt nan konplèks Mache Hunts Point lan. **Depans Total Pwojè a: 18 milyon dola**
- **Sportsfield Specialties, Inc. (Southern Tier) - Sibvansyon ESD 500,000 dola, Kredi Enpo Excelsior pou kreyasyon djòb 1.5 milyon dola:** Sportsfield Specialties, Inc. (SSI) se yon fabrikan espò ki sitiye nan Delhi, Konte Delaware. SSI ap devlope operasyon fabrikasyon li lè li itilize pwopriyete ki vid sou kote a nan sit ki egziste li a. Pwojè yo pwopoze a ap genyen ladan l yon ekspansyon izin fabrikasyon 60,000 pye kare ak ekipman modèn, yon nouvo konplèks biwo, atelye mekanik ak estokaj. **Depans Total Pwojè a: 27.5 milyon dola**

Yo te bay apeprè 4.8 milyon dola pou sipòte 108 pwojè atravè Pwogram Mikwo sibvansyon Bwason Atizanal la, ki fèt pou ogmante kapasite pwodiksyon, enfrastrikti biznis ak pwofi biznis ki otorize pou pwodui ven, byè, pwodui espiritye, sid, ak idwomèl nan Eta New York.

Pwen fò pwogram atizanal la yo se:

- **Speckled Pig Brewing Co., LLC (Rejyon Kapital) – Sibvansyon ESD 42,500 dola:** Speckled Pig Brewing nan Ballston Spa, Konte Saratoga ap modènize ekipman brasri li a epi achte yon nouvo liy pou mete nan kanèt ak yon sistèm netwayaj resipyen. Ekipman siplemantè sa ap bay Speckled Pig kapasite pou devlope vant byè atizanal Eta New York li an bay plis pase 100 restoran/ba, epi distribye byè yo a nan tout eta a.
- **Birdhouse Brewing Company, Inc. (Finger Lakes) - Sibvansyon ESD 50,000 dola:** Birdhouse Brewing ap devlope etablisman li a nan Honeoye, Konte Ontario, epi modènize sistèm brasaj li a pou pase de yon sistèm brasaj twa baril a yon sistèm brasaj sèt baril. Ekspansyon sa ap pèmèt Birdhouse Brewing ogmante pwodiksyon li ak kapasite brasaj li epi vin otonòm, k ap fè li soti nan nesesite pou gen yon konpayi ki te bezwen yon lòt pati pou brase pou ede li devlope resèt li epi sipòte pwodiksyon a gran echèl.

Ou ka jwenn lis konplè benefisyè pwogram Atizanal la [isit la](#).

Yo te bay plis pase 4.9 milyon dola pou sipòte 62 pwojè atravè pwogram Sibvansyon Kapital pou Òganizasyon ki pa pou pwofi, ki sipòte òganizasyon san bi likratif ki bay benefis ekonomik ak kominotè nan rejyon yo a pou ede nan amelyorasyon ak modènizasyon enstalasyon.

Gwo pwen pou pwogram òganizasyon ki pa pou pwofi yo se:

- **The Inspired Community Project, Inc. (Vil New York) – Sibvansyon ESD 100,000 dola:** Misyon Pwojè ki Enspire nan Kominote a (The Inspired Community Project, TICP) se pou asire gen aksè egal pou enstriksyon edikasyon espesyal, ak fòmasyon developman mendèv. TICP konsantre pou bay edikasyon anfans prekòs dekalite, opsyon gadri, ak sèvis terapi nan Bronx ki gen difikilte ekonomik la. Finansman sibvansyon an ap ede apwovizyone epi konstui yon nouvo lokal nan Bronx, epi tabli yon sant terapi entèvansyon bonè ak etablisman gadri ki bay edikasyon espesyalize pou timoun ki newodivèjan yo. Pwojè a ap genyen ladan I tou pwogram developman mendèv.
- **Heart, Love & Soul, Inc. (Lwès New York) - Sibvansyon ESD 100,000 dola:** Heart, Love and Soul se yon òganizasyon kominotè san bi likratif ki bay soulanjman kont grangou ak swen sosyal pou moun ak fanmi ki gen revni ki fèb. Finansman sibvansyon an ap itilize pou renove epi elajì etablisman aktyèl yo a nan Niagara Falls pou sèvi plis kliyan.

Ou ka jwenn lis konplè benefisyè pwogram Òganizasyon san bi likratif yo [isit la](#).

Anplis, yo te bay plis pase 1 milyon dola atravè Pwogram Planifikasyon Estratejik ak Etid Fezabilite a (Strategic Planning and Feasibilities Studies Program). Prim sa yo sipòte 21 pwojè atravè sibvansyon kapital travay pou sipòte plan devlopman estratejik pou yon minisipalite ak konte, ak etid evalyasyon ak fezabilite planifikasyon.

Pwosesis REDC la kontinye sipòte ak otorize moun ki gen enterè reyjonal yo nan devlope plan estratejik ak priyорite finansman yo ki satisfè bezwen ekonomik lokal yo. Jiska prezan, atravè Inisyativ REDC a, yo te bay plis pase 7.8 milya dola a plis pase 9,700 pwojè kreyasyon travay ak devlopman kominotè ki konfòm avèk plan estratejik chak reyjon.

### **Enfòmasyon sou Demann Finansman Konsolide**

Yo te kreye Demann Finansman Konsolide a pou senplifye ak akselere pwosesis demann sibvansyon an. Pwosesis CFA a make yon chanjman fondamantal nan fason yo distribiye resous eta yo, pou garanti mwens biwokrasi ak plis efikasite pou satisfè bezwen devlopman ekonomik lokal yo. CFA a sèvi kòm sèl pwen dantre pou jwenn aksè a finansman devlopman ekonomik yo, sa k ap garanti aplikan yo p ap gen pou pèdi tan ant plizyè ajans ak sous san okenn mekanis pou kowòdinasyon. Kounye a, pwojè devlopman ekonomik yo itilize CFA kòm yon mekanis sipò pou jwenn aksè a plizyè sous finansman eta yo atravè yon sèl aplikasyon, sa k ap rann pwosesis la pi rapid, pi fasil, ak pi pwodiktif. Aprann plis sou CFA [isit la](#).

### **Konsènan Konsèy Developman Ekonomik Reyjonal yo**

Inisyativ Konsèy Developman Ekonomik Reyjonal la se yon eleman enpòtan nan apwòch Eta a sou envestisman ak devlopman ekonomik Eta a. An 2011, 10 Konsèy Reyjonal te kreye pou devlope plan estratejik alontèm pou favorize kwasans ekonomik pou reyjon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk ekspè lokal ak pati prenant nan biznis, inivèsite, gouvènman lokal ak òganizasyon nongouvènmantal yo. Konsèy Reyjonal yo te redefini fason New York envesti nan djòb ak kwasans ekonomik lè yo mete anplas yon apwòch asandant, ki baze sou kominate, epi kreye yon pwosesis konpetitif pou yo jwenn aksè resous Eta a yo. Aprann plis sou [regionalcouncils.ny.gov](#)

###